

# **SAMBUTAN PANEWU GELAR BUDAYA**

## **TAHUN 2024**

Panjenenganipun para luhur, sesepuh pinisepuh, para alim ingkang satuhu minulya saha kinabekten.

Panjenenganipun Bapa Bupati Bantul/ Wakil Bupati Bantul ingkang satuhu kinurmatan. Panjenenganipun Paniradya Pati Kaistimewan DIY saha Pangarsaning OPD tataran DIY saha Kabupaten Bantul ingkang satuhu kinurmatan.

Panjenenganipun penghageng Bupatu Juru Kunci Kasunan Surakarta, Penghageng Bupati Puralaya Ngayogyakarta ingkang satuhu kinurmatan.

Panjenenganipun pangarsaning Sanggar Kendhalisada Ki Udreka, S.Sn, M.Sn ingkang satuhu kinurmatan.

Para kadang anggota Forkopimkap Imogiri, Para Lurah se-Kapanewon Imogiri, Bapa-Ibu Kepala Sekolah SD, SMP, SMA, SMK se-Kapanewon Imogiri saha sedaya tamu undangan ingkang kinurmatan.

Para kadang dalang, para pengrawit miyah Ibu-Ibu waranggana, para seniman budayawan, pengurus saha anggota FORCIBB Kapanewon Imogiri, Pangarsa BPKCB Imogiri, para petugas keamanan, relawan, RAPI Kapanewon Imogiri saha pelaku UMKM se-Kapanewon Imogiri ingkang kula hormati.

Para kanca-kanca karyawan-karyawati Kapanewon Imogiri saha para rawuh saking warga masyarakat saking Kapanewon Imogiri ingkang kula hormati.

Assalamualaikum Wr. Wb.

Bissmillahirohmanirahim. Alhamdulilahirobilalamin.  
Wasolatuwassalamuala sayidina muhammadadin waala alihi wasobih ajma'in.

Salam karaharjan, kaluwijungan miyah kabagaswarasan mugi tansah kajiwono kasarira dhumateng para rawuh sedaya.

Hongilahing, hongilahing awigna mastuhu nama sidang, mastusilah mring hyang jagad karana, siran tandha kawisesaning bisana, sana sinawung langening wilapa estu masih lestannuning lampahan Gelar Budaya Jogja ing Kapanewon Imogiri.

Nunggih kang winurweng gupita kang kaeko adi dasa purwa, eko sawiji, adi linuwih, daya sepuluh purwa kawiwitinan. Senadyan angupaya praja sewu datan ana sedasa, satus tan ana kalih, kang kinarya purwaning kandha, inggih menika kagambarake adegging praja Kapanewon Imogiri, ya Gapuraning Budaya ing Ngayogyakarta. Kutha batik, kutha keris, kutha wayang, kutha santri, kutha tani lan kutha pariwisata. Kapanewon Imogiri, Ima yaiku mega, Giri iku gunung, Imogiri ateges gunung kang sinaput ing mega. Kapanewon Imogiri anyata papan kang endah sesawanganipun mengkeraken wukir redi sewu, lajengaken benawi cacah tiga, kali Opak, kali Oyo saha kali celeng.

Kapanewon Imogiri sampun kapilih, Kapanewon Imogiri kanyata papan kang linuwih ingkang kapilih minangka Pasareyan Dalem Para Nata leluhur ing Mataram.

Ing ari kalenggahan menika, Kapanewon Imogiri anggelar olah kridaning mawarni-warni potensi seni, budaya saking para kawula miyah para siswa, ugi olah boga, olah tata busana, tata wicara, tata seni budaya. Sedaya wau karacik kanthi endah edi peni wonten ing "Gelar Budaya Jogja Kapanewon Imogiri 2024". Adicara menika katindakaken kange manggayubagya 12 Tahun UU Kaistimewaan DIY.

Wonten ing Gelar Budaya Jogja Tahun menika, Kapanewon Imogiri makarya sesarengan kaliyan Sanggar Kendalisada ingkang dipun sepuhi dening Ki Udreka,S.Sn, M.Sn, kanthi anggelar pagelaran ringgit purwa kanthi 25 dalang, ingkang dipun paring asma "SEDARI" Semarak 25 Dalang Kapanewon Imogiri. Kajawi pagelaran ringgit purwa, Panitia ugi ngatunaken bazaar produk UMKM perwakilan unggulan se-Kapanewon Imogiri, Stand Instansi, Ormas, Perwakilan Sekolah (SD, SMP, SMA) ugi karenggaken kesenian tari-tarian saha karawitan saking SD N Siluk lan grup karawitan Sri Manunggal Wirama saking Kalurahan Sriharjo Imogiri (Binaan Bapak Slamet Santosa).

Bapak Bupati Bantul/Wakil Bupati, saha para rawuh sedaya.

Awit rawuhipun sedaya kadang panitia, kapareng kula ngaturaken sedahan panakrama pambagyaharja yuwana, sugeng rawuh ing Kapanewon Imogiri Gapuraning Budaya ing Ngayogyakarta.

Sedaya kadang panitia ugi ngaturaken sewu sewu agunging matur nuwun, awit kawigatosan saha rawuh panjenengan sedaya, ugi maturaken matur nuwun ingkang tanpa pepindan awit panyengkuyungipun wonten ingadicara menika, satemah saged lumampah kanthi rancah, lancar saha semarak, meriah.

Sedaya kadang panitia, nyuwun sewu agunging pangapunten awit sedaya kekurangan saha kalepatan anggen kula sa-kanca nanggapi rawuh panjenengan sedaya ing papan menika. Salejengipun sumangga sugeng amriksani kiprahing pagelaran ringgit purwa "SEDARI" saha bazaar produk UMKM/Instansi, sekolah se-Kapanewon Imogiri:

Dhumateng Bapak Paniradya Pati Kaistimewaan DIY saha Bapak Bupati Bantul kasuwun wedharing pangandikan saha nyuwun kaparengipun ambuka "Gelar Budaya Jogja Kapanewon Imogiri 2024".

Awit keparengipun Bapak Bupati saha Paniradya Pati saha para kadang panitia ngaturaken sewu-sewuning agunging maturnuwun.

Sugeng amriksani, kiprahing Gelar Budaya Jogja Kapanewon Imogiri 2024, mugi sage da lumampah kanthi lancar, manfaat saha barokah, purwa madya wusana tansah manggih raharja kalis ing rubeda miyah sambi kala.

Nuwun, nuwun, maturnuwun.

Wassalamualaikum Wr. Wb.